



Reyinyon Piblik Vityèl pou Enfòmasyon sou Miltimodal Allston I-90

Sa k ap pase ?

MassDOT ap pibliye yon Notifikasyon sou Chanjman nan Pwojè a (NPC, ki vle di "Notice of Project Change") pou Pwojè Miltimodal Allston I-90 la. Reyinyon an pral fè patisipan yo konnen kisa dokiman NPC a ye, ak kouman pou yo fè kòmantè sou dokiman an, epi l ap fè konnen nan ki pwen konsepsyon pwojè, ak fòmalitye pou pèmisyon yo rive kounye a. Tout rezidan, ak moun nan zòn lan, ak pwopriyetè biznis lokal, ak moun enterese ki konn sèvi ak transpò yo, envite pou yo patisipe.

Ki konsekans sa pral genyen pou ou ?

N ap byen kontan resevwa kòmantè moun nan piblik la sou NPC a, jiska 21 jou apre dat anrejistremen 15 jen 2022 a.

Kilè

Jedi 16 jen 2022
6:30 p.m. - 8:00 p.m.

Pou Patisipe

<https://www.mass.gov/orgs/massachusetts-department-of-transportation/events>



Tanpri sonje sa, reyinyon an pral anrejistre. Gade nan adrès

<https://www.mass.gov/orgs/massachusetts-department-of-transportation/events> pou plis enfòmasyon.



Lokal reyinyon sa a aksesib pou moun ki andikape ak moun ki pa konn pale angle byen. MassDOT ap fè aranjman rezonnab ak / oswa bay asistans nan lang si yon moun mande, san fè li peye, toutotan sa posib. Pou mande fè aranjman oswa pou mande asistans entèprèt, tanpri kontakte Responsab MassDOT pou Divèsite ak Dwa Sivik la (MassDOT's Chief Diversity and Civil Rights Officer) nan nimewo telefòn (857) 368-8580, fax (857) 368-0602, relè 7-1-1, oswa nan adrès elekwonnik MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Demann yo dwe fèt pi bonè ou kapab anvan jou reyinyon an. Pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou lang ki pale ak siy, oswa CART, oswa tradiktè ak entèprèt, demann yo dwe fèt omwen dis (10) jou ouvrap davans, anvan jou reyinyon an.

Pou poze kesyon sou pwojè a, ou mèt voye yon mesaj elekwonnik tou nan adrès Dot.feedback.highway@state.ma.us

Si ou gen yon deklarasyon ekri ou vle fè sou pwopozisyon an, tanpri voye li nan adrès sa a :
Carrie A. Lavalley, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116,
Attention: Project Management PROJECT FILE NO. 606475